

Nap Travay pou le Fiti

Etablisman sa patisipe nan Pwogwam Manje pou Pran Swen Timoun (Child Care Food Program, CCFP), yon pwogram Federal ki ofri timoun ki nan etablisman pou timoun yo manje ak kolasyon ki bon pou lasante. Chak ane plis pase 4.2 milyon timoun atravè peyi a patisipe nan CCFP. Yo ranbouse founisè manje yo pou manje fòtifyan ki satisfè egzijans USDA yo, yo sèvi timoun yo. Pwogram nan jwe yon wòl esansyèl nan amelyore kalite swen timoun yo resevwa epi rann li abòdab pou fanmi ki pa rantrè anpil kòb yo.

Manje

Etablisman CCFP yo swiv egzijans sou manje ke USDA etabli yo

Dejene	Manje Midi oswa Soupe	Ti goute (De nan senk la)
Lèt Fwi oswa legim Grenn	Lèt Vyann oswa or altènatif vyann Legim Fwi Grenn	Lèt Vyann oswa or altènatif Legim Fwi Grenn

Etablisman
ki Patisipe

Plizyè diferan etablisman itilize CCFP epi pataje objektif komen ki se distribye manje ak kolasyon fòtifyan bay patisipan yo. Etablisman ki patisipe yo enkli:

- **Sant k ap pran Swen Timoun:** Sant piblik oswa prive ki pa kanpe sou fè pwofi k ap pran swen timoun ki lisansye oswa apwouve, ak kèk sant Licensed or approved public or private nonprofit child care centers, pwogram Head Start (pwogram edikasyon, nitrisyon ak sante pou timoun nan fanmi ki pa rantrè anpil kòb) yo, ak sèten sant ki kanpe sou fè pwofi
- **Gadri a Domisil:** Kay prive ki lisansye oswa apwouve
- **Pwogram aprè Lekòl:** Sit ki ofri pwogram edikatif oswa anrichman epi ki nan zòn kote moun ki pa gen anpil kòb rete
- **Ebèjman pou Sanzabri:** Sant Ebèjman ki bay ebèjman tanporè pou timoun ki sanzabri

Kalifikasyon: Ajans leta ranbouse Etablisman ki ofri swen pou timoun ki pa rete andedan a timoun ki site anba la yo:

- Timoun ki gen 12 an ak mwens,
- Timoun imigran ki gen 15 an ak sa ki pi jèn, epi
- Timoun moun jiska laj 18 an nan pwogram apre lekòl ak ebèjman pou sanzabri ki kalifye

Dwa Sivil

Daprè lwa federal sou dwa sivil ak regilasyon epi prensip Depatman Agrikilti Etazini (US Department of Agriculture, USDA), USDA, Ajans li yo, biwo li yo, ak anplwaye yo, ak enstitisyon ki patisipe oswa administre pwogram USDA yo pa gen dwa diskrimine okenn moun sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, laj, oswa reprezay oubyen vanjans pou aktivite dwa sivil ki te fèt avan sa nan nenpòt pwogram oswa aktivite ke USDA te fonde pa. Moun ki gen andikap ki bezwen mwayen komunikasyon altènatif pou enfòmasyon sou pwogram nan (egzanp Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang Siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Ajans la (Ajans Eta a oswa Ajans lokal) kote yo te aplike pou benefis yo. Moun ki soud, mal pou tande oswa ki gen andikap pou pale ka kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339. Anplis de sa, yo ka mete a dispozisyon ou enfòmasyon sou pwogram nan lang lòt apre anglè. Pou ka ranpli yon konplent sou diskriminasyon konplete Fòm Konplent sou Diskriminasyon pwogram USDA a ke w ap jwenn sou sitwèb:

http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, epi nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt voye bay USDA epi ekri tout enfòmasyon ke fòm nan mande nan fòm nan. Pou mande yon kopi fòm konplent, lan rele (866) 632-9992. Soumèt fòm ou ranpli a oswa lèt ou a bay USDA pa:

(1) lapòs: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410;

(2) faks: (202) 690-7442; or

(3) imèl: program.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa bay tout moun menm opòtinite.

Enfòmasyon Pou Kontak Si ou gen kesyon sou CCFP, tanpri kontakte youn nan sa yo:

Òganizasyon/Etablisman ki Patwone:

Family Central, Inc.
819 NE 26th Street
Fort Lauderdale, FL 33305

Ajans Leta:

Florida Department of Health
Bureau of Child Care Food Programs
4052 Bald Cypress Way, Bin A-17
Tallahassee, Florida 32399-1727
850.245.4323
www.FloridaHealth.gov/ccfp

